




Opsyon Sèvis Moun k ap Reklame an

Aksyon	UI Online	TeleCert (Otomatize)	TeleClaim (Anplwaye)
Aplike pou benefis chomaj*	✓		✓
Relouvri/reaktive yon reklamasyon ki la deja*	✓		✓
Mande pou peyman benefis chak semèn	✓	✓	
Anrejistre yon rechèch travay chak semèn*	✓		
Tchèke balans kont ak estati reklamasyon w	✓		✓
Verifye denye valè peyman ak dat la	✓	✓	
Kreye/chanje metòd peyman an: depo direk oswa kat debi	✓	✓	
Chwazi dediksyon taks	✓		✓
Chanje adrès*	✓		✓
Mande pou padon ovèpeyman oswa kreye yon plan peyman*	✓		✓
Anrejistre yon apèl*	✓		
Kreye ak gade korespondans elektwonik*	✓		
Emprime fòm 1099G	✓		
Ajoute yon depandan*	✓		✓
Chanje mo de pass lan oswa PIN [NIP]	✓	✓	

TeleClaim: 617-626-6800 oubyen 877-626-6800, de area kòd 351, 413, 508, 774, or 978
TeleCert: 617-626-6338
TeleCert Check Claim Status [Tchèke Estati Reklamasyon]: 617-626-6563
TeleCert PIN Service [Sèvis NIP]: 617-626-6943 7 *Nouvo Sèvis sou Entènèt

Bezwen Èd?

Resous yo disponib pou ede w gen aksè a UI Online.



-  **Èd Sou Entènèt la** – Ale nan www.mass.gov/dua pou:
 - kesyon yo poze souvan (FAQs)
 - gid itilizastè
 Nòt: DUA pral afiche enfòmasyon enpòtan ak avètisman konsenan UI Online.
-  **Sipo pa Telefòn** – Rele l 617-626-6800 oubyen 877-626-6800 (de area kòd 351, 413, 508, 774, oubyen 978) Lendi a Vandredi de 7:30 a.m. a 7:00 p.m.* (1ye Jwiye a 2 Daout) pou:
 - sipo teknik
 - "Reset" mo de pass lan
 - kesyon regadan reklamasyon w lan
 * Le 5 Daout n ap retounnen nan lè nòmal lan, ki se 8:30 a.m. a 4:30 p.m.
-  **Imèl** – Voye kesyon w oswa demann ou bay DUA an sèvan ak fòm sou entènèt ki disponib sou sit entènèt nou an. Tanpri pèmèt omwen 48 è tan pou yo ka reponn imèl ou an.

Yon pwogram/konpanyi opotinite egal ego. Èd oksilye ak sèvis bileng disponib deske yo mande pou yo. Pou sèvis pou moun ki soud, tanpri rele 1-800-439-0183 oubyen 711.

Byenveni a UI Online

Yon nouvo fason pou anrejistre oswa gen aksè a reklamasyon Asirans Chomaj ou an

www.mass.gov/dua



Enfòmasyon sa disponib tou nan www.mass.gov/dua

Kisa UI Online ye?

UI Online se yon nouvo sistèm ki baze sou entènèt la ki devlope pou ede moun k ap reklame ak patwon yo pi byen, Benefis majè yo se:

- **Lib sèvis** – Ou ka fè plis tranzaksyon pou kont ou, pase ou tan pou pale ak yon ajan reklamasyon sou telefòn.
- **Ogmantasyon lè** – L ap plis fasil pou ka mande pou peyman benefis ou chak semèn oswa aksè enfòmasyon kont ou ak ogmantasyon lè nou ant 5:00 a.m. ak 10:00 p.m. chak jou.
- **Sekirite** – Ou ka asire ke ak mezi sèkirite ak prekosyon ki bati nan UI Online yo enfòmasyon pèsònèl ou ap pwoteje.

Tanpri refere a paj 7 pou yon lis sèvis UI Online.



Kondisyon Òdinatè pou UI Online

- Òdinatè ak koneksyon entènèt
- Navigatè entènèt ki rekomandé
 - Microsoft Internet Explorer 6, 7, 8, oswa 9
 - Mozilla Firefox 1 oswa 2
 - Apple Safari 2 oswa 3
 - Netscape Navigator 8 oswa 9
 - Google Chrome
- Adobe Acrobat Reader 7 oswa 8

Konsèy: UI Online pral ekspire apre 30 minit san okenn aktivite

Paramèt Enpòtan pou Navigatè:

- Ajoute <https://uionline.detma.org> a lis sit ou gen konfyans.
- Sispann bloke "pop-up" yo.
- Pou èd ak paramèt navigatè yo, ale nan www.mass.gov/dua.

3

Demann Peyman Benefis

Pou mande pou peyman benefis chak semèn ou an (reklamasyon oswa sètifye pou semèn lan),

1. Ale nan www.mass.gov/dua, clique sou **UI Online for Claimants**, epi chwazi Log in to your Account [Konekte a Kont ou]. (Fòk ou aktive kont ou anvan – gade paj 4.)
2. Chwazi **Request Benefit Payment**.
3. Reponn kesyon kalifikasyon yo. Tanpri li l byen, kòm gen kesyon ki chanje. Epitou yo pral mande w pou bay enfòmasyon regadan rechèch travay ou.

Nòt:

- Si ou bezwen relouvri reklamasyon w, chwazi **Reopen Claim**.
- Si benefis ou fini e ou bezwen anrejistre yon nouvo reklamasyon, chwazi **Apply for Benefits**.

Konsèy: Sèvi ak bouton nan fin paj la pou navige ant paj yo.
Pa sèvi ak bouton bak lan.

5

Aktive Kont UI Online Ou an

Pou aktive kont ou an:

1. Ale nan www.mass.gov/dua, clique sou **UI Online for Claimants**, epi chwazi **Log in to my Account**.
2. Konekte nan UI Online ak:
 - Nimewo Sekirite Sosyal (NSS) ou an epi ak mo de pass WebCert ou an, oubyen
 - NSS ou ak ak TeleCert 4-chif Nimewo Idantifikasyon Pèsonèl (NIP).
3. UI Online pral mande w pou:
 - kreye yon nouvo mo de pas ou an, epi
 - chwazi kesyon sekirite w ak repons ou an
4. Apre ou konekte, ou pral wè Home Page ou an kote ou pral gen aksè a mei sèvis yo.

Si ou paka gen aksè a UI Online poutèt mo de pass oswa NIP ou rantre an pa korek, w ap oblije rele 617-626-6800 pou riset mo de pass ou an.

Konsèy: Deske ou aktive kont ou an, ekri nouvo mo de pass ou kesyon sekirite w, ak repons ou. Sonje pou mete yo nan yo kote senesòf. Si ou ta bliye mo de pass ou an, ou ka riset li Lè ou clique sou **Forgot Password**.

4

Revize/Modifye Enfòmasyon W

Deske ou kontekte, chwazi **View and Maintain Account Information** pou:

- Revize/modifye enfòmasyon pèsonèl w – mete adrès ak nimewo telefòn ou ajou.
- **Verifye kont ou ak enfòmasyon peyman w** – wè estati reklamasyon w, balans reklamasyon w, dat ane benefis ou ap komanse ak fini, epi estati benefis ekstansyon w, si ou kalifye. Si ou bezwen dokiman pou aplike pou pwogram asistans, ou ka enprime yon kopi lèt detèminasyon monetè w lan.
- **Ajoute yon depandan** – founi non ak SSN depandan w, epi reponn kesyon pou ajou yon nouvo depandan.
- **Revize/modifye preferans ou yo** – chanje metòd peyman w oubyen chwazi dediksyon taks.
- **Anrejistre pou korespondans elektwonik** (disponib sèlman an Angle) – ou pral resevwa notifikasyon pa imèl ki endike ke ou gen mesaj nan Bwat UI Online ou an. W ap otomatikman resevwa lèt pa lapòs Ameriken an si ou pa anrejistre pou korespondans elektwonik lan.

6